



Siyati: _____ Non: _____ Inisyèl Dezyèm Non: _____ Nimewo Dosye WCB: _____

Pou peryòd: _____ jiska: _____

Sèvi ak fòm sa a pou montre efò ou pou antre nan mache travay la. Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan atachman nan mache travay la sou sit entènèt Komisyon an nan www.wcb.ny.gov/labor-market-attachment. W ap jwenn enstriksyon detaye yo nan paj de (2) nan fòm sa a.

Ou ka demontre atachman nan youn oswa plis fason:

1. patisipe aktivman nan sèvis pou lokalize travay tankou One-Stop Career Centers, Workforce One, elatriye;
2. rechèch Travay Endepandan;
3. patisipasyon aktif nan reyabilitasyon pwofesyonèl ACCES-VR, yon lòt pwogram reyabilitasyon Komisyon an apwouve, oswa yon pwogram travay re-fòmasyon;
4. patisipe nan yon enstitisyon edikasyonèl an plen tan pou jwenn travay.

Tcheke ti bwat ki anba la oswa ki anba la yo pou demontre atachman ou ak mache travay la epi bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo.

REMAK: Avantaj yo ka sispann si Komisyon an deside ou pa te fè ase efò pou chèche travay.

Komisyon Konpansasyon Travayè Vil New York ap konsidere dokiman sa a kòm prèv, se poutèt sa ou ta dwe konsilte ak yon avoka oswa reprezantan ki gen lisans avan ou ranpli fòm sa a ak avan yo soumèt bay Komisyon an.

- 1. Patisipe nan sèvis Depatman Travay Eta New York yo (NYS Department of Labor) tankou One-Stop Career Centers, Workforce One, elatriye:**

Non Pwogram oswa Sèvis la: _____ Adrès: _____

Dat (mwa/jou/ane): _____ Aktivite / Rezilta: _____

Dat (mwa/jou/ane): _____ Aktivite / Rezilta: _____

Dat (mwa/jou/ane): _____ Aktivite / Rezilta: _____

Mete oswa kole kopi dokiman sipò yo. Si sa nesèsè, mete yon lis dat ak aktivite / rezilta apa sou yon lòt fèy papye.

- 2. Rechèch Travay Endepandan.** Si ou te fè yon rechèch travay endepandan, ranpli Fòm C-258.1 pou anrejistre efò rechèch travay ou. Asire w ou ranpli tout espas vid yo pou montre ou chèche travay ou a tan, ou fè anpil efò, epi ou pèsistan. Si w ap sèlman soumèt yon dosye rechèch travay endepandan, ou ka sèvi ak Fòm C-258.1 san ou pa bezwen ranpli Fòm C-258.

- 3. Patisipe nan Karyè ak Fòmasyon Kontini pou Granmoun (Adult Career and Continuing Education, ACCES-VR) oswa nan lòt pwogram re-fòmasyon tankou Sant Opòtinite Edikasyononèl (Educational Opportunity Centers, EOC) nan SUNY:**

Dat Kontak (mwa/jou/ane): _____

Non Sant Karyè oswa Pwogram la: _____

Adrès Postal: _____ Liy 2: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Mon Moun ou te Kontakte: _____ Nimewo telefòn lajounen: _____

Rezilta: _____

Tache kopi dokiman sipò yo.

- 4. Ale nan yon enstitisyon oswa pwogram ak lisans akredite pou chèche travay nan limit travay mwen:**

Dat Enskripsyon (mwa/jou/ane): _____ Dat Estimasyon Gradyasyon (mwa/jou/ane): _____

Non Enstitisyon Edikasyon an: _____

Adrès Postal: _____ Liy 2: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Tache prèv enskripsyon an.

Enstriksyon pou Ranpli Dosye Efò Pou Chèche Travay / Kontak Moun kap fè reklamasyon an (Fòm C-258)

Sèvi ak fòmilè sa a pou anrejistre efò ou pou jwenn travay nan limit fizik ou nan sèvis pwofesyonèl, fòmasyon kontini, oswa yon rechèch travay endepandan. Si ou fè yon rechèch travay endepandan, ranpli Fòmilè Efò Rechèch Travay Endepandan (Fòmilè C-258.1) tou. **Remak: Sèlman ranpli seksyon nan fòmilè sa a ki gen rapò ak efò rechèch travay ou.**

Konseye Reyabilitasyon Pwofesyonèl nan Komisyon Konpansasyon Travayè (Workers Compensation Board, WCB) yo disponib pou ede w ranpli fòm sa a epi yo kapab ede ou avèk efò rechèch travay ou a. Rele **(877) 632-4996** epi mande pou pale ak yon Konseye Reyabilitasyon Pwofesyonèl.

Avantaj yo ka sispann si Komisyon an deside ou pa te fè ase efò.

Komisyon Konpansasyon Travayè Vil New York la pral konsidere dokiman sa a kòm prèv, se poutèt sa ou ta dwe konsilte ak yon avoka oswa reprezantan ki gen lisans avan ou ranpli fòm sa a epi avan yo soumèt bay Komisyon an.

Ou dwe soumèt fòm sa a ak tout dokiman ki apiye efò ou pou chèche travay yo bay Board l an avan odyans ou a.

Men kijan pou w voye dokiman yo bay Board a :

- Ou menm oswa avoka ou ka voye yo pa Faks (877-533-0337) oswa pa imèl (wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov) oswa Transfè Dokiman eCase sou entènèt [omwen twa \(3\) jou](#) anvan odyans ou a/
- Si ou pa gen yon avoka, ou ka itilize youn nan metòd yo ki dekri anwo a, oswa ou ka voye li bay Board l an pa lapòs [omwen sis \(6\) jou](#) avan dat odyans ou a bay PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205.

Ekri non ou ak Nimewo Dosye WCB ou sou tèt chak dokiman.

Seksyon 1: Depatman Travay (Department of Labor), One-Stop, Workforce, Ajans Travay, elatriye.

Si w ap resevwa asistans pou chèche travay nan nenpòt nan ajans yo ki endike anwo a, oswa nan men yon moun oswa òganizasyon ki pa nan lis la, bay chak dat ou te vizite, ki gen ladan sesyon Oryantasyon, non ajans, moun oswa òganizasyon an, epi dekri aktivite oswa rezilta nenpòt vizit oswa kontak. Asistans ka gen ladan sèvi ak òdinatè, ede ekri rezime, konpetans pou fè entèvyou, klas pou bay konpetans travay, ak reyinyon ak yon konseye travay oswa antrenè travay.

Remak: Si sa nesèsè, mete lis dat ak aktivite oswa rezilta adisyonèl apa sou yon lòt fèy papye. Mete nenpòt prèv ekri ki soti nan vizit ou (yo) nan yon sant travay.

Seksyon 2: Rechèch Travay Endepandan

Tcheke ti bwat la si ou te fè yon rechèch travay endepandan. Ranpli epi soumèt Fòm C-258.1 pou anrejistre efò rechèch travay ou.

Seksyon 3: Patisipe nan Karyè ak Fòmasyon Kontini pou Granmoun (Adult Career and Continuing Education, ACCES-VR) oswa nan lòt pwogram re-fòmasyon tankou Sant Opòtinite Edikasyonèl (Educational Opportunity Centers, EOC) nan SUNY:

Si se yon Konseye Reyabilitasyon Pwofesyonèl ki te refere ou nan ACCESS-VR, bay dat ou te rankontre ak konseye ACCESS-VR la. Epi bay adrès ak nimewo telefòn ajans la ak non moun nan ou te rankontre a ak rezilta reyinyon an.

Remak: Si ou te vizite ACCES-VR, mande yon fòm kontak ACCES-VR nan men konseye ou epi mete li ansanm ak Fòmilè C-258.

Si ou patisipe nan lòt reyabilitasyon pwofesyonèl oswa yon pwogram reyadaptasyon travay ki gen ladan Sant Opòtinite Edikasyonèl (Educational Opportunity Centers, EOC) SUNY ki pa nan okenn lòt seksyon, bay dat kòmansman ak fen, ansanm ak non ak adrès pwogram nan.

Remak: Tanpri bay kopi nenpòt kourikoulòm klas, sètifika patisipasyon, aplikasyon pou lisans, oswa lòt dokiman ki gen rapò ak pwogram reyadaptasyon travay epi tache yo ak Fòmilè C-258.

Seksyon 4: Ale nan yon enstitisyon oswa pwogram ak lisans akredite pou chèche travay nan limit travay mwen.

Si ou enskri a plen tan nan yon enstitisyon edikasyon akredite, bay dat enskripsyon an. Epi bay dat ou estime w ap gradye ak non ak adrès nan enstitisyon edikasyonèl la.

Remak: Ou dwe mete oswa kole kopi kourikoulòm klas la prèv enskripsyon ak Fòmilè C-258. Enskripsyon a tan pasyèl pa satisfè kondisyon lwa a ki nesèsè pou montre ou atache ak mache travay la.

Pote kopi tout fòmilè C-258 ak C-258.1 ak dokiman ki pwouve efò rechèch travay ou nan chak odyans devan Komisyon Konpansasyon Travayè a. Si w ap sèlman soumèt yon dosye rechèch travay endepandan, ou ka sèvi ak Fòmilè C-258.1 san ou pa bezwen ranpli Fòmilè C-258 la.